# 2018 - JÍL – JEDEL ISBILERMENLIK, INNOVACIYALÍQ IDEYALARDÍ HÁM TEXNOLOGIYALARDÍ QOLLAP – QUWATLAW JÍLÍ

## ТӘЛИМ-ТӘРБИЯДА ИННОВАЦИЯ

**Қ.К.Оразымбетов** – *филология илимлериниң докторы, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Ҳүрметли Президентимиз Шавкат Мирамано-вич Мирзиёев Олий Мәжилиске Мүрәжатында төмендегише пикирлерди айтқан еди: **«Бүгин биз мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик турмыстың барлық тараўларын түп-тийкарынан жаңалаўға қаратылған инновациялық раўаж-ланыў жолына өтпектемиз. Бул бийкарға емес, әлбетте. Себеби, заман тез пәт пенен раўажла-нып баратырған ҳәзирги дәўирде ким утады? Жаңа пикир, жаңа идеяға, инновацияға сүйен-ген мәмлекет утады.**

**Инновация – бул келешек дегени».**

Бул пикир елимиздиң жақын келешекте раўажланыўының стратегиялық бағдарламасы болды, десек, асыра айтқан болмаймыз. Өйткени, соңғы 20-30 жыллықта күшли раўажланыў жолы-на түскен мәмлекетлердиң ҳәммеси де буны тийкарынан инновациялық идеяларды, илимди ҳәм усы тийкарда дөреген жоқары технология-ларды турмысқа кеңнен енгизиў арқалы әмелге асырды. Президентимиз тәрепинен 2018-жылды «Жедел исбилерменлик, инновациялық идеялар-ды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў жылы» деп аталыўы – бул тек бир жылға берилген атама емес, еле бир нешше жыллар даўамында әмелге асырыўымыз тийис болған ислердиң бағыты деп түсинсек дурыс болады.

Ҳәр бир тараў өз хызметин усы бағытта алып баратуғын болса, елимиз раўажланыўында жоқары тәлим орынларының орны қандай болады, инновациялық идеялар бере алатуғын, жаңа технологияларды ислеп шығатуғын кадр-ларды калай тәрбиялаймыз, деген сораўдың туўылыўы тәбийий.

Жоқары билим бериў мәкемелеринде иннова-ция – бул илим. Соның ушында университет ҳәм институтларда тәлим беретуғын ҳәр бир устаз оқытыўшы болыў менен бирге илимпаз, алым болыўы тийис. Мәселен, бизиң институтымыздың профессор-оқытыўшылары көбирек педагогика, ҳәр бир пәнниң оқытыў методикасы илими менен шуғылланады. Педагог илимпаз пәнниң жетис-кенликлеринен, теориялық жаңалықлардан ха-бардар болыўы ҳәм усы илимди студентлер сана-сына жеткериў усылларын да терең билиўи зәрүр. Буны педагогика илими деп атайды. Институты-мызда илимниң усы тараўын раўажландырыўға кең мүмкиншилик жаратылды. Өткен жылы 20-21 январь күнлери Шавкат Мирамановичтиң рес-публикамызға келиўи ҳәм республикадағы бар болған проблемаларды үйрениў барысында жоқары оқыў орынлары ушын қарақалпақ тилин-де сабақлық ҳәм оқыў қолланбалары жетиспей-туғынын есапқа алып усы мақсетке қосымша қаржы ажыратылды. Нәтийжеде институтымыз профессор-оқытыўшылары тәрепинен 68 оқыў қолланба ҳәм сабақлықлар жазылып, экспертиза-дан өтти, көпшилигине сертификатлар берилди ҳәм баспадан шығарылмақта. Бул жумыслардың быйылғы жылы да даўам еттирилип атырғаны қуўанышлы жағдай.

Ал, ҳүрметли президентимиздиң 15-16-декабрь күнлериндеги республикамызға сапары даўамында бизиң оқыў орнымыз профессор-оқытыўшыларының тилек-өтинишлерин есапқа алып Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик пе-дагогикалық институты базасында педагогика илиминиң еки бағдары бойынша докторлық дис-сертациялар жақлаў ушын қәнигелестирилген илимий кеңес ашып берди. Буннан бизиң профес-сор-оқытыўшыларымыз миннетдар болмақта. Өйткени, илим менен шуғылланып жүргенлер өз ана тилинде диссертация ислеўине ҳәм оны артықша жол қәрежетлерисиз өзиниң оқыў ор-нында жақлап шығыўына мүмкиншилик жара-тылды. Сондай-ақ президентимиз усы сапары ўақтында институтымыздың жаңа имаратының жойбарын да мақуллады. Барлық колайлы-лықларға ийе заманагөй оқыў имараты, бас бинә, хабар ресурс орайы, спорт комплекси имараты жаңадан қурылатуғыны, барлық оқыў имаратлары менен студентлер турар үйлериниң реконструкция ҳәм ири оңлаўға түсетуғыны кадрлар таярлаў са-пасын арттырыўға беккем тийкар жарататуғыны сөзсиз.

Ҳәр бир жоқары оқыў орнында илим ислеў ушын орталық ҳәм қолайлылықлар болыўы тийис. Бул ушын бириншиден, кафедраларда илимий мектеп, илимий бәсекилик орталығы жүзеге ке-лиўи зәрүр. Әлбетте, ҳәр бир кафедрада илимий мектеп жаратылыўы ушын кафедрада өзиниң илимий мектебин жаратқан алым болыўы шәрт. Буны ҳәр бир кафедраға талап етип қойыў қыйын. Ал, илимий бәсекиликти пайда етиў ушын бир қатар әпиўайы, орынланыўы мүмкин болған та-лапларды ислеп қойыўдың өзи жеткиликли. Би-ринши гезекте кафедрада илимниң ең жоқары та-лаплары тийкарында жаратылған китаплар бо-лыўы оғада керек. Кафедра баслығы сол тараўдың ҳақыйқый маманы, жанашыры болыўы тийис. Илим жетискенликлеринен хабардар алым ғана жоқары талапларға жуўап бере алатуғын илим жаратады. Ҳәр бир кафедра ағзасын, әсиресе, жасларды илимге, инновация жаратыўға бағдар-лаў, илиминиң нәтийжесин өндириске енгизиўге, оларға патент алыўға жәрдемлесиў, ҳәр қандай

жаңалық жаратқан авторды өз ўақтында материаллық ҳәм мораллық жақтан хошаметлеп барыў сөзсиз нәтийже береди.

Өткен жылы институтымыздың өзбек тили кафедрасының баслығы, филология илимлериниң кандидаты Шахло Юлдашова орта мектеплердиң 5-класслары ушын өзбек тили пәнинен электрон сабақлық жаратты. Сабақлық ҳәзирги электротехниканың мүмкиншиликлеринен толық пайдаланған ҳалда дүзилди. Ол аннимациялық көринислер, гипер силтемелер ҳәм электрон сабақлықта талап етилетуғын басқа да технологиялар қолланған ҳалда ислеп шығылды. Ең баслысы сабақлық ондағы материалларды оқыўшылардың ийгерип алыўы ушын қолай, балалардың психологиясы, жас өзиншелиги есапқа алынып дүзилген. Сабақлықты институт ректораты Өзбекстан Республикасы халық билимлендириў министрлигине усынды ҳәм авторға министрлик тәрепинен патент берилди, мектеплерде бул сабақлықтан пайдаланып оқытыў усыныс қылынды. Әлбетте, институт басшылығы тәрепинен автор материаллық ҳәм мораллық жақтан хошаметленди. Нәтийжеде усы автор және де илхамланып, жаңа идеялар үстинде ойланды ҳәм оқыўшылардан электрон диктант алыў технологиясын ислеп шықты. Бул технологияның абзаллығы сонда, ол балаларды дурыс жазыўға үйретиў менен бирге оны тексериўди де компьютердиң өзи атқарады. Бул технология оқыў орынларында, басқа да өзлериниң хызметкерлериниң жазба саўатлылығын тексерип көриўге зәрүрият туўылатуғын мәкемелерде биймәлел қолланса болады. Биз ҳәр бир оқытыўшымыздан, илимге енди кирип киятырған жас алымларымыздан усындай инновациялық идеяларды, технологияларды жаратыўын тилеймиз.

Оқыў процессинде инновация дегенде нени түсинемиз? Бул оқытыўшы тәрепинен сабақ барысын шөлкемлестириў ҳәм оқытыў, ал студент тәрепинен сабақтың мазмунын терең өзлестирилиўиниң технологиясы. Сабақты өзлестириў түсиниги де жүдә кең. Мәселен, оқытыўшының аудиторияда берген билими студент тәрепинен сол турысында уғып алыныўы еле толық өзлестирген есапланбайды. Оқытыўшы бир мәселениң шешилиў жолын аудиторияда түсиндиреди. Студент буны уғып алады да екинши бир мәселени тап усы усылда шешип береди. Бул жақсы, әлбетте. Бирақ бундай студенттиң баҳасы «үш». Екинши бир студент бул мәселени басқа бир альтернатив усылда шешиўге умтылады. Студент жақсы нәтийже ала алмаса да оның жаңалыққа умтылыўшылығы сезилип турыпты. Ол излениўшең студент. Оның баҳасы «төрт». Ал үшинши студент мәселени шешиў ушын бир нешше алтернатив усылдан пайдаланды ҳәм унамлы нәтийжеге еристи. Бундай студенттиң баҳасы «бес». Бунда оқытыўшының мақсети ҳәм ўазыйпасы студентти излениўге, жаңалыққа умтылыўға бағдарлаўдан ибарат екини көринип турады. Бундай студентлерден келешекте жүдә көплеген инновациялық идеялардың авторы өсип жетилистетуғынына исенсе болады. Соның менен бирге, бундай студенттиң билими тек оқытыўшының түсиндирген усылын уғып алатуғын студентке салыстырғанда жоқары болатуғынына гүман жоқ.

Жоқарғы оқыў орнында жасларға илим, билим бериў менен бирге оларда жоқары мәдениятты, интелектти қәлиплестириў ўазыйпасы да бар. Демек, тәрбия мәселесинде де жаңаша ойлаў, жаңаша жантасыў талап етиледи. Буның ушын жоқарғы оқыў орнының әтирапынан баслап оның ишкериси, ҳәр бир аудитория, дем алыс, дөретиўшилик пенен шуғылланатуғын бөлмелер, пән кабинетлери, хабар ресурс орайлар, қулласы, студент жоқары оқыў орнында тәлим-тәрбия алатуғын орынлардың ҳәммеси азада, жоқары талғам менен безелип, инвентарлар орынлы-орнына қойылған болыўлары керек. Буннан студентлер мәдениятты үйренеди, эстетикалық тәрбия алады. Олардың ой-өриси кеңейеди. Ал, оқытыўшылар ҳәм студентлердиң мәдениятлы кийиниўи, сәлемлесиў мәдениятын ийелеўи де үлкен әҳмийетке ийе. Ташкент қаласындағы жоқары оқыў орынларына барсаңыз, студентлердиң тусыңыздан сәлемлесип өтиўи оларға сондай жарасып ҳәм мәдениятлы жаслар екенин де көрсетип турады. Бизиң студентлеримизди де усы мәдениятқа тәрбиялаўымыз зәрүр.

Жоқары оқыў орынларында ҳәр қыйлы пәнлерден, тәлим бағдарларынан илимий дөгереклер шөлкемлестириледи. Бундай дөгереклердиң де студентти жаңаша ойлаўға тәрбиялаўда орны үлкен. Мәселен, әдебият бойынша дөгеректе студентке бир шығарманы көркем таллаўға бериў көбирек пайда келтиреди. Студент көркем шығарманы оның мазмунын айтып бериў менен шекленди ме, оны көркем деталлары тийкарында таллады ма, ямаса шығарма авторының көркем нийетин, көркем ойын көре алды ма, оқытыўшы студенттиң жумысын усыған қарай баҳаласа ҳәм бағдар берсе жақсы нәтийже береди. Бунда студент көркем шығарманы әйтеўир оқыў керек болғанлықтан ямаса үстиртин оқымастан оны түсинип оқыўға ҳәрекет етеди. Бундай жасларда эстетикалық талғам, терең этикалық тәрбия қәлиплеседи. Студентте интеллект тәрбия, сезгирликтиң пайда болыўында бул усылдың да нәтийже беретуғыны көп ғана илимпазлар тәрепинен атап өтилген. Соның менен, бирге әдебиятты сүйген, оның менен жолдас болыўды әдет еткен жасларда ўатан сүйиўшилик сезимлериниң күшли болатуғыны да күнделикли турмысымызда көринбекте.

Қулласы, биз жоқары оқыў орынларында инновациялық орталықты қәлиплестириўди тәмийинлеўимиз зәрүр. Өйткени, тәлим-тәрбиядағы инновация – бул келешекке инвестиция киритиўимиз есапланады.